# QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍNDA SARÍBAY SHAYÍRDÍŃ TUTQAN ORNÍ

**Qádirniyazova Nargiza Keńesbay qızı**
*Berdaq atındaǵı QMU magistrantı elek.poch nargizaqadirniyazova@icloud.com*

**Annotaciya:** *Bul jumısta qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında óshpes iz qaldırǵan talantlı sóz sheberi Sarıbay shayır dóretiwshiligi hám onıń xalıq awızeki úlgileri menen baylanısı úyreniledi. Shayırdıń qosıqlarındaǵı folklorlıq motivler, xalıqlıq dástúrler hám kórkemlew quralları tayanısh etip alınǵan. Izertlew nátiyjeleri qaraqalpaq ádebiyatı hám folkloristikasın jánede tereńirek úyreniwge xızmet etedi.*

**Gilt sózler.** *Sarıbay shayır, qaraqalpaq folklorı, milliy miyras, dástanlar, kórkemlik ózgeshelik, poetikalıq til, aytıs.*

XIX ásirdiń ekinshi yarımındaǵı qaraqalpaq klassik shayırlarınan ózgesheligi menen orın alatuǵın Sarıbay Orazsha ulı (1830-1898) Aral teńiziniń túslik jaǵalawında jasap balıqshılıq, diyqanshılıq, kúnlikshilik etip júrip, óz shıǵarmaların dóretken.[12]

Tımsal janrınıń rawajlanıwına belgili úles qosqan shayırlarımızdıń biri desek qátelespegen bolamız. Óytkeni Sarıbay shayırdan aldın tımsal janrın Kúnxoja shayırdıń dóretiwshiliginde kóremiz. «Jarǵanat penen aytıs», «Shımshıq penen aytıs» tımsallarınıń avtorı.

Bunnan tısqarı Sarıbay shayırdıń «Qurısın jasım qurısın», «Qostarsız jaman», «Yarım», «Ǵárip anam xosh endi», «Qızıl ógizim», «Bileseńbe», «Gulmurat penen aytıs» qosıqları belgili. Biz, bul qosıqlardan Sarıbay shayırdıń ómiri qıyınshılıqlarǵa tolı, kúnlikshilikte ótkenligin kóriwimizge boladı. Mısalı, «Qurısın jasım qurısın» qosıǵında:

Teńselgen jorǵa minbedim,
Jaynatıp kiyim kiymedim,
Joqlıqtan basqa kórmedim,
Qurısın jasım qurısın.

Degen qatarlarınan joqshılıqta kún keshirgenligi belgili. Yaǵnıy jaqsı kiyim kiyip, jaqsı tamaq jep arqayın júre almaǵanlıǵı, hárdayım balıqshılıq, diyqanshılıq kásipleri menen shuǵıllanǵanlıǵı aytılǵan.

Onıń «Qostarsız jaman», «Yarım» qosıqlarında da qıyınshılıqlarǵa ushıraǵanlıǵın, ómirlik joldasınıń dúnyadan ótken soń qattı qıynalǵanlıǵın, nalınıw sezimlerin kóremiz.

Qaraqalpaq folklorında aytıs janrı áyyemnen qáliplesken bolıp, jazba ádebiyat penen tıǵız baylanıslı. Aytıs qaraqalpaq xalıq kórkem awız eki dóretpeleriniń belgili bir janrı retinde erteden tilge alınıp keldi. 1939-jılları O.Kojurov hám Q.Ayımbetovlar aytıstıń folklorımızdıń bir janrı retinde kórsetse, 1951-jılı N.Baskakov qaraqalpaq folklorın túrlerge bólgende juwap hám aytıstı qız-kelinsheklerge qosıqlarına kirgizip belgilegen edi. Qaraqalpaq kórkem awız eki dóretpelerin pútini menen izertlew jumısın qolǵa alǵan, ol tuwralı úlken izertlew dereklerin N.Dawqaraev óziniń doktorlıq dissertaciyasınıń birinshi

[12] Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992, 86-бет.

tomın folklorǵa arnap, onnan qaraqalpaq kórkem awız eki dóretpeleriniń janrlarına tallaw bergen edi. 1950-jıllardıń basında pitken bul jumıs 1959-jılı basıla basladı. 1977-jılı úsh tomnıń birinshi folklorǵa arnalǵan tomı N.Dawqaraevtıń «Shıǵarmalarınıń tolıq jıynaǵı» menen (2-tom) óz aldına kitap bolıp basıldı.

Usı kitapta N.Dawqaraev «Aytıs hám juwap» degen temada berilgen bólimde, qaraqalpaq dástúrlerinde qız-jigitlerdiń otırıspa merekelerinde uyqasımlı, astarlı sóz benen aytısıwlar oǵada kóp jıynalǵan. Bunday poetikalıq sóz benen aytısıw juwaptan baslanadı. Juwap demektiń mánisi egerde birew, astarlıq, poetikalıq sóz benen sizge tiyip, ilip sóylese sizde bul kisiniń sózine ılayıqlı poetikalıq sóz benen juwap qaytarıwıńız kerek. Qaraqalpaq dástúrinde juwaptan jeńiliw uyat sanalǵan. Juwap sol aytısqan waqıttaǵı payt, háreket, waqıya menen baylanıslı boldı. Máselen, jigit úyge kirip kelip, úyde otırǵan qızlardı kózge ilmey sóylegendegi juwap aytıstıń bir túri.

Jigitler:
- Shámende gúldiń lalası,
Tis awızdıń qalası,
Sizler juwap sorasań,
Bizler berdik aǵlasın.
Qızlar:
- Qazdıq japtıń salmasın,
Terdik baǵdıń almasın,
Sizler juwap berseńiz,
Bizler de aldıq aǵlasın.[13]

Álbette bunda juwap aytısları qaraqalpaqlar arasında házirgi kúnde de kóplep ushırasadı. Toy merekesiz jol-jónekey aytıla beretuǵın, bir-birewdi utıw ushın qollanılatuǵın juwap aytısları qız-jigitler, jigitler-kelinshekler arasında oǵada kóp.

Folklordaǵı shayırlar aytısın jazba ádebiyattaǵı aytıstan ózgeshelikleri joqarıda kórsetip ótken edi. Folklordaǵı shayırlar aytısı mısalında Ájiniyaz benen Qız Meńeshtiń, Mansur menen Dámeniń aytısların kórsetse boladı. Jazba aytıslarda bul aytıstıń ózgesheligi folklorǵa tán bolǵan, olar bir-biri menen duslasqan waqıtta, yadtan shıǵarıp awız eki aytısqan. Shayırlar aytısqanda umıtılıw-umıtıw kórkem sóziniń kúshliligi menen aytılıwınan degen oydıń tereń, sheber, ótkir beriliwi menen bayqaladı. Áiiniyaz benen Meńeshtiń suw boyında kórisip birinshi aytısı bılay baslanadı:

Ájiniyaz: Tosınnan jaw kelsede tartınbaǵan,
Kóldegi úyrek-ǵazday ǵanqıldaǵan,
Qudasha sálemberdik kóriwden-aq,
Júzlerińiz jazǵı tańday jarqıraǵan.
Meńesh: Saǵan men suwda turıp názer saldım,
Aǵáke sálemińdi álik aldım,
Keyinirek turıńız, keyingenshe,

[13] Қарақалпақ фольклоры. 94-том. Жууап айтыслар. Нөкис, Илим, 2015-жыл, 271-бет.

Kelgenindi ǵapılda bilmey qaldım.

Ájiniyaz Qazaqstan shayır qızı Meńesh penen bir neshe jerde kózbe-kóz, júzbe-júz, turıp yadtan shıǵarıp aytısadı. Olar suw boyında, qonaqta, toyda aytısqan sózlerin xalıq yadında saqlaǵan. Bul aytıs 1878-jılı Tashkentte shıǵarılatuǵın «Túrkstan walayatı» (11-12 sanları) gazetasında basılǵan. Bul aytıs mazmunı hám kórkemligi boyınsha folklordaǵı qaraqalpaqlar ushında, qazaqlar ushın da, shayırlar aytısınıń óz aldına «Klassikalıq shıńı» desek boladı. Bul aytısta kórkem sózdi qurastırıwdıń sonday mánili úlgileri bar, bulardı basqa aytıslardan tabıw qıyın. Haqıyqatında da eki tuwısqan xalıqlar shayırlarınıń aytısı folklordıń tariyxında, ádebiyatımız tariyxında bezep turadı. Sonday-aq, Mansur menen Dámeniń, Altın menen Seydalınıń aytıslarınıń da áhmiyeti úlken.

Solay etip, qaraqalpaq folklorındaǵı juwap aytısları menen awız eki, júzbe-júz turıp yadtan aytatuǵın shayırlar aytıs janrın qurap turadı hám usılar aytıs degenniń ne ekenin ańlatadı.

Belgili bir-eki tariyxsız, belgili bir waqıtsız, belgili bir orınsız eki jaqtıń yadtan shıǵarıp aytıwısız aytıs degendi kóz aldına keltiriw qıyın. Bul janrdıń ózgesheligi de usında.

Sarıbay shayırdıń «Jarǵanat penen aytısıw» tımsalı tiykarınan, Jarǵanat penen Sarıbay shayırdıń aytısınan ibarat. Bul shıǵarmanıń ideyası anıq, tereń pikirli, tásirli bolıp, social mazmunǵa iye shıǵarma esaplanadı. Shayır ózi jarǵanat penen tap adamday bolıp aytısadı. Óytkeni jarǵanat tipinde adam obrazı jaylasqan. Sarıbay shayır ishtegi tolıp atırǵan dártti, jarlıshılıq belgisin, usınday hallarǵa sazıwar etken nárseniń túp negizinde ne jatırǵanlıǵın ózi jarǵanat arqalı sáwlelendirip júzege shıǵarǵan.

Shayırdıń «Jarǵanat penen aytısıw» tımsalında xalıqqa salınatuǵın awır salıqlardı, usı salıqlardıń esabınan azap shekken miynetkesh xalıqtı, patshalardıń jawızlıq háreketleri astarlı mánide áshkaralanadı. Tımsalda erte dáwirlerde jasaǵan Sulayman patsha quslardıń párin jıydırıp alǵanlıǵı, sonıń ushın da jarǵanattıń da pársiz, jalańash qalǵanlıǵı sóz etiledi.

Shayır pársiz, ash-jalańash qalǵan jarǵanattıń awır jaǵdayın súwretlew menen birge onıń bul awhalǵa túsiwiniń eń baslı sebebi patshanıń qısımı ekenligin ashıq túrde súwretleydi.

Kúnlerdiń júzi dumanda,
Sol patsha bar ma bul manda?

-dep jarǵanatqa soraw qoyıw arqalı óziniń joqarıdaǵı maqsetin ele de ayqınlastıradı. Sarıbay shayır óz tımsalların jazarda xalıq awzındaǵı mine usınday ańgimelerden paydalanǵan bolıwı múmkin. Biraq ol óziniń sóz eteyin degen máselesine qaray, xalıq awzındaǵı ańız-ápsanalardı pútkilley ózgertip paydalanǵan. Shayır tımsallarınıń ideyasında dáwir haqıyqatlıǵı hár tárepleme ashıp beriledi. Sarıbay bul tımsalında óziniń awır turmısın qosa súwretlegenligi sezilip turadı. Bunı tımsaldıń ulıwma mazmunınan kóriwge boladı. Sarıbay tımsallarınıń qurılısı dialog formasında beriledi. Ol óziniń aytıs tımsalında aytajaq oy-pikirin tilsiz quslarǵa til pitiriw usılında beredi. Tımsalda sózdi

áweli Sarıbaydıń ózi baslaydı. Mısalı, ol óz sózin shımshıqtıń yaki jarǵanattıń awhalınıń biysharalıǵınan baslaydı. Sońınan aytıs baslanıp ketip, qus ta óz gezeginde Sarıbaydıń óziniń de awhalınıń jaqsı emesligin aytadı. Shayır tımsallap aytıw menen ózi jasaǵan dáwirdiń haqıyqatlıǵın ashıp beredi.

Sarıbay shayır dóretiwshiligin hám folklor dereklerin analiz etiw arqalı tómendegi juwmaqlarǵa keldik: Sarıbay shayır óz qosıqlarında qaraqalpaq xalqınıń bay awızbirshiligi miyraslarınan hám dástúrlerinen sheberlik penen paydalanǵan. Shayırdıń dóretpeleri folklorlıq tayanıshı arqalı milliy koloritke hám joqarı kórkemlikke iye bolǵan. Folklorlıq motivler shayırdıń filosofiyalıq hám sociallıq kózqarasların xalıqqa ápiwayı hám túsinikli tilde jetkerip beriwge járdem bergen. Sarıbay shayır miyrasın folklor menen sabaqlaslıqta úyreniw milliy ádebiyattıń rawajlanıw basqıshların anıqlawda úlken áhmiyetke iye.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Алламбергенов К. Қарақалпақ әдебиятында айтыс. Қарақалпақстан, 1989.

2. Қарақалпақ фольклоры. 94-том. Жууап айтыслар. Нөкис, Илим, 2015-жыл, 271-бет.

3. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. Нөкис, «Билим», 1992, 86-бет.

4. Каримов А., Қожықбаев Ә. Халық шайырлары. Каракалпакстан баспасы, Нөкис, 1982-жыл.